



Lè ou gen Alam Monoksid kabòn (CO)/ Detektè Lafimen ki Fonksyone byen



Alam ki gen pil ki sele pou 10 zan.



Nan dènye ane yo, 70% ka lanmò akòz dife te rive nan kay kote pa t gen alam detektè lafimen/monoksid kabòn.

Risk ou pou mouri nan dife diminye amwatye lè gen alam detektè lafimen/monoksid kabòn ki fonksyone byen lakay ou.



Alam detektè lafimen ak monoksid kabòn ki fonksyone byen sove lavi moun lè yo ba ou ak moun pa ou yo yon siyal avètisman ki endike yon bagay pa bon. Dife gaye rapid epi monoksid kabòn nan touye moun an silans. Alam ki fonksyone byen yo se eleman ki pi enpòtan nan plan deplasman rapid ou.

- Sonje pou gen kalite alam ki kòrèk la. Alam yo dwe jwenn apwobasyon Laboratwa Asirè yo (chèche yon mak UL) epi jwenn yon avètisman odio pou fen diredevi a. Tout nouvo alam detektè lafimen ak alam ranplasman yo gen yon pil ki sele pou 10 zan epi ou pa kapab ranplase pil la ni retire li.
- Ou dwe gen yon alam detektè lafimen ak yon alam CO (oswa yon melanj alam detektè lafimen/ monoksid kabòn). Yon kalite alam se pa yon ranplasan pou lòt la.
- Si alam ou toujou itilize pil ou kapab retire, sonje pou chanje pil yo de fwa chak ane. Yon bon jan rapèl se chanje pil yo nan jou yo chanje lè a pou ekonomize tan avèk solèy la. Ranplase alam sa yo avèk sa ki gen pil ki sele pou 10 zan yo san pèdi tan.

Enstalasyon Alam

- Enstale alam yo kote ou dòmi epi sou chak etaj kay ou, ansanm ak sousòl yo.
- Mete alam yo nan plafon an, pito toupre mitan sal la, men pa mwens pase kat pouz avèk yon miray. Si ou dwe enstale alam nan sou yon miray, ou ta dwe mete li ant kat ak 12 pouz avèk plafon an.
- Anvizaje enstale alam ki konekte youn avèk lòt yon fason pou lè yon alam sonnen, yo tout sonnen.
- Ou ta dwe enstale alam espesyal yo pou moun ki mal pou tande oswa ki soud. Limyè k ap mouri-limen ak vibrè matla disponib.

Antretyen Alam

- Teste alam ou yo souvan. Pou fè sa, peze bouton tès la.
- Ranplase alam yo chak 10 zan oswa lè alam nan siyale li rive nan fen diredevi li epi li bezwen ranplase.
- Kenbe alam yo pwòp . Pou fè sa, retire pousyè oswa pase aspiratè ladan yo souvan.

Lè yon Alam Sonnen

- Si yon alam Co sonnen, oumenm ak fanmi ou ta dwe soti deyò imedyatman epi rele 911.
- Si yon alam detektè lafimen sonnen, sonje pou egzekite plan deplasman rapid ou.
- Si yon alam sonnen pa erè, kalme alam nan depi ou pouse bouton silans lan oswa bouton re-inisyalizasyon an. Louvri fenèt yo epi limen vantilate ayerasyon yo pou netwaye lè a.
- Alam ki sonnen pa erè yo deklanche souvan akòz vapè k ap soti nan saldeben yo oswa nan kuizin yo. Anvizaje deplase alam ki sonnen pa erè yo souvan.